Tabib Terakhir

Cerpen: Justang Zealotous

ILUSTRASI JOS

TABIB terakhir di kampung telah mati. Tabib yang orang-orang kampung kenal dengan nama Mbah Kakung itu mati setelah terbaring seminggu di rumahnya. Ia mati di samping anak bungsunya, Pardi.

Mbah Kakung mati dalam usia delapan puluh tiga tahun. Meskipun tak lagi muda, kulitnya kendor berkeriput, Mbah Kakung masih sanggup ke sawah mencangkul, membajak, memanggul sekarung gabah untuk dibawa pulang. Namun, tubuh Mbah Kakung yang sekuat baja kalah dengan angin malam yang tetiba menerobos masuk. Mbah Kakung membungkus badannya dengan dua sarung, tapi perasaan dingin yang menjalari tubuhnya masih sangat menusuk. Belum lagi, Mbah Kakung terbatuk-batuk dan semakin lama ia serupa daging sapi yang baru saja direbus di atas kompor.

Mbah Kakung memiliki tiga anak, tapi ia hanya mampu bergantung pada Pardi. Anak pertamanya, Suaib menjadi dokter bedah di Makassar dan tak pernah pulang kampung. Anak keduanya, Rukmini telah pergi ke Malaysia ikut suaminya. Pardi seorang yang hanya berijazah SMP itu yang menemani Mbah Kakung karena ibunya pun telah lama mati. Pardi mengaku setiap malam telah memasakkan obat-obat herbal sesuai dengan perintah Mbah Kakung sendiri. Pardi pernah menelepon Suaib minta resep, dikasih, segera dibeli, tapi Pardi bilang, Bapak itu ngeyel, tidak suka minum obat kimia. Akhirnya, kolaps juga dengan ramuan-ramuan buatannya.

"Sedih ya, punya anak tiga, tapi akhir hayatnya sampai ke liang lahat pun hanya dilihat anak bungsu seorang." Emak menyinggung. Semenjak berita kematian Mbah Kakung terdengar, kami memang tak pernah melihat batang hidung Suaib dan Rukmini. Suaib sudah ditelepon berkali-kali, tapi jawabannya selalu sama, banyak pasien. Rukmini malah hilang kabar.

Kesedihan Emak hanya secuil dibandingkan kesedihan orang-orang kampung ditinggalkan Mbah Kakung. Sebab, siapa lagi yang akan menyembuhkan penyakit-penyakit orang kampung jika tabib terakhir telah mati, sementara menemui dokter masih sulit?

Aku masih ingat kecelakaan motor setahun lalu. Bukannya memikirkan puskesmas atau rumah sakit, aku langsung menyuruh Emak sama Abah membawaku ke Mbah Kakung. Padahal, tulang lengan kananku telah mencuat. Entah mengapa naluri memintaku menemui Mbah Kakung. Sampai di rumahnya, Mbah Kakung melepaskan pakaianku. Dia membacakan sesuatu pada gelas yang berisi air. Mbah Kakung mengolesi air itu ke lengan kananku sebelum ia perlahan menariknya. Aku tidak merasakan sakit apa pun, dan ia tetiba berkata, selesai. Aku memeriksa lengan kananku, dan benar, tak ada lagi tulang yang mencuat. Kami pulang setelah Emak menyalami Mbah Kakung dengan sebungkus rokok dan uang seratus ribu.

"Masa Pardi tidak meneruskan ilmu bapaknya? Kalau Suaib dan Rukmini wajar bila tidak, tapi Pardi? Pardi berpuluh-puluh tahun tinggal bersama bapaknya. Mustahil sebaris kalimat suci tidak diketahuinya." Omongan-omongan sejenis meriuhkan pemakaman Mbah Kakung. Kulihat wajah Pardi, ia benar-benar tidak nyaman dengan omongan-omongan itu. Ia pasti sangat terluka. Orang-orang telah meninggalkan kuburan Mbah Kakung, tapi laki-laki dua puluh tiga tahun itu masih bersimpuh di samping gundukan tanah bapaknya, sendirian. Aku bermaksud menemaninya, tapi tatapannya yang tajam memberikan isyarat penolakan.

Besoknya, kesedihan orang-orang kampung berubah tegang. Seorang petani cengkih mengabarkan kuburan Mbah Kakung dibongkar seseorang. Ada bekas kain kafan di antara tanah yang menghambur. Dan anehnya, Pardi menghilang. ❑-d

) **Justang Zealotous. Seorang guru Bahasa Indonesia di Pinrang. Pegiat literasi di Komunitas Labita. Karyanya sudah tersiar di berbagai media. Buku kumpulan cerpennya berjudul 'Makkunrai' (UNSA Press, 2019).*

Oase

Puisi Agus Widiey

BERKAT HUJAN

berkat hujan, petani kembali
mengeluarkan sepasang sapi
dari kandang menuju ladang.

berkat hujan, benih tumbuh
pohon-pohon makin teduh
meski di luar masih gaduh

berkat hujan, penyair berbakat
tapi kurang pekerjaan
menghidupkan puisinya
sebagai cinta pada kebudayaan.

berkat hujan, aku lebih lama memelukmu
mencairkan rindu yang lama membeku
dalam tungku diriku, dalam nyala dirimu.

Jogja, 2023

HUJAN PERTAMA

kali pertama hujan turun
menggigil segala daun
dan gurun pun basah.

angin dari berbagai arah
mengarah pada jiwaku yang gerah
hingga rindu yang lama tertimbun
menguap di kelopak matamu yang anggun.

pada hujan pertama
kupeluk masa lama
dan kukenang lagi
segala kegagalan
seperti genangan
yang bersemedi
meski tak abadi.

Jogja, 2023

WAKTU HUJAN

waktu hujan sepertiga malam
ada kepak sayap kelelawar
menembus kelam.

angin menggerogoti tubuh
sebelum terdengar suara subuh
sunyi dicemari dingin hingga kaku.

maka pelukan adalah cara menaklukkan
perempuan yang fobia hujan
dan tak ingin menanggung sepi sendirian.

Jogja, 2023

FALSAFAH HUJAN

pada akhirnya,
awan yang menanggung rindu
tak mampu menahannya hingga subuh.
kemudian menciptakan sebuah butir
dan mencipratkan pula getir
seketika tiba petir.

Jogja, 2023

HUJAN YANG LAIN

di luar kaca jendela
hujan mengapung
rindu menguap
aroma mimpi.

malam pun jadi basah
dalam ruang
berderit kaki ranjang
dan cahaya meleleh perlahan.

Tuhan, mengapa dingin jadi sempurna.

Jogja, 2023

KETIKA HUJAN TURUN

semoga kita terjaga
dari segala bencana;
misalnya longsor masa lalu
yang menjadikan banjir air mata rindu,
hingga membuat rumah kita jadi rata
tanpa ada yang menduga
kecuali melayangkan bait doa.

Jogja, 2023

DI AKHIR TAHUN

mendekati akhir tahun
daun almanak gugur
dari dua belas ranting
melewati tiga puluh hari
nyaris akan berganti
dengan pucuk baru.

tujuh malam jadi masa silam
dalam waktu dua puluh empat jam
maka, taburkan benih harapan
mumpung kebetulan lagi musim hujan.

Jogja, 2023

) **Agus Widiey, Lahir di Sumenep 17 Mei. Menulis puisi dengan dwibahasa, Indonesia-Madura. Tulisannya tersebar diberbagai media, baik lokal maupun nasional. Pernah memenangkan lomba menulis puisi yang diselenggarakan Majelis Sastra Bandung (2021) Saat ini belajar di daerah Yogyakarta.*

MEKAR SARI

Amplop Cacah Loro

Cerkak: Sumarno

ILUSTRASI JOS

UDAN ngriwis kawit awan ora leren-leren nganti wayahe surup, candhikala. Mangsane pancen wus lumebu mangsa labuh wiwitan mangsa rendheng. Seno mulih saka ngarit suket ing sawah, sirah crindhil awake klebus merga kudanan. Suket sakranjang banjur dipakakake sapi ingon-ingone. Wus udakara sewulan iki, Seno diwenehi gadhuhan sapi saka Den Broto, juragan papane nyambut gawe.

"Mengko yen manak, pedhete pek-en," ngendikane Den Broto wektu kuwi. Mesthi wae Seno saguh. Wiwit kuwi saben lautan mulih saka nyambut gawe, Seno gage mangkat sawah saperlu ngaritke sapine.

"Wit lombok sawah lor ndesa sore iki mau keleb, Pakne." Surti, sisihane, njedhul saka pawon karo nyangking wakul isi sega.

Seno kang lagi lungguh lincak ing gandhok karo wedangan njenggirat kaget.

"Udane rak durung ngapiroa, ta?" pitakone Seno

"Banyu ledheng irigasi sajake wis diilekake saka ndhuwur. Ledheng dadi mbludag, luber Ö," jawabe Surti isih ingkul ngusung jangan bobor bayem lan sambel jenggot.

Seno unjal ambegan landhung. Tandurane lombok wayahe padha kembang durung nganti ngawoh, malah wis keleb. Kamangka wektu iki reregan lombok klebu dhuwur.

"Ra sida bebathen akeh awakke dhewe, Bune!"

"Ya arep kepiye maneh, Pakne," jawabe Surti pasrah marang kahanan. "Apa wae kuwi nek urung dadi rejekine, paribasan mung kari ngemplok wae bisa mrucut." Surti mbacutake guneme,"Wis gek dhahar Pakne, mumpung sega jangane isih panas."

"Kula nuwun ..." Dumadakan keprungu swara uluk salam saka lawang ngarep. Seno age-age tumuju lawang ngarep. Lawang dibukak.

"Pak Joni, mangga ... mangga ...," guneme Seno gupuh. Joni iku pegawe ing kutha, omahe tangga kalurahan karo Seno, ananging sawahe lor ndesa jejer karo sawahe Seno.

"Kok njanur gunung, Pak Joni, ndalu-ndalu rawuh wonten rompok kula. Wonten wigatos menapa?" pitakone Seno gumun.

Joni lungguh nyedhaki Seno. "Ngene, Lik Seno. Bosku ing kutha iku dadi investor. Dheweke kepengin mekarake usahane, pengin mbangun restoran, supermarket, lan *wahana permainan* sacedhak kene. Nah, sawise riset lan nliti papan kang cocog dienggo investasi, pilihane tiba ing sawah lor ndesa. Ndilalah kok ya pas sawahku, mula sawahku banjur dituku. Sawah sakiwa tengene uga bakal dituku klebu sawahe Lik Seno."

Joni aweh katrangan. Seno meneng ora kumecap.

"Lik Seno aja kuwatir. Bosku saguh nuku kanthi rega larang, pokoke tikel karo rega umume Ö" Joni miwiti ngglembuk Seno.

"Nanging sabin menika tinggalan ramak swargi ...," celathune Seno alon.

"Lik Seno. Kapan maneh sampeyan bakal nyekel dhuwit akeh yen ora saiki. Sawahe sampeyan menawa ungsum ditanduri pari, ora bakal bathi ..."

"Samenika reregan rabuk pancen ndedel inggil sanget, mboten cucuk kaliyan regi panenanipun. Nanging kula nanem pantun mboten kasade, namung kangge maem saben dinten keluwarga kula."

"Nah, tenan ta. Ditanduri pari rugi, ditanduri palawija ya rugi. Malah iki tanduran lombok sampeyan uga keleb. Arep dialap apane maneh, menawa ora didol ...," pangglembuke Joni tansaya ndadra.

"Sawah sampeyan kae ukuran limangatus meter persegi, ta? Bosku wani nuku kanthi rega satus yuta rupiah. Lik Seno ora sah repot-repot ngurusi administrasi, golek layang lan sapanunggalane, kabeh wis diurusi bosku. Pokoke sampeyan kari nampa satus yuta rupiah, makglundhung."

"Wah, pripun nggih ..."

Joni ngetokake amplop loro saka njeron tas. Amplop gedhe lan amplop kang luwih cilik. Amplop iku diulungake marang Seno.

"Menapa menika?"

"Amplop gedhe iki isi dhuwit cacah satus yuta, dene amplop sijine iki dhuwit selawe yuta. Gunggunge kabeh satus selawe yuta, iku kabeh kanggo Lik Seno. Nanging pesenku, aja kandha sapa-sapa menawa nggone sampeyan dakpunjuli regane..." Joni kandha mangkono karo mripate nguwaske kiwa tengen, aja nganti ana wong liya kang krungu.

"Wis ngono, Lik. Aku daknerusake laku ngrembugi sawah-sawah liyane."

Seno kamitenggengen nampani amplop cacah loro kasebut.

Dina candhake Seno pamit ora mlebu kerja. Mangan blas ora krasa enak, turu ora bisa nglinteg, apa-apa sarwa ora kepenak. Mung kepikiran bab amplop cacah loro kasebut. Telung dina Seno thenger-thenger ora ngapa-ngapa. Dina candhake dheweke adreng golek sisik melik. Ndilalah Seno ketemu prangkat kabupaten kang ngurusi idin usaha, Seno oleh katrangan kang gumathok. Investor saka kutha kajaba bakal mbangun restoran, supermarket, lan *wahana permainan*, uga bakal dol tinuku *minuman keras, miras* utawa banyu gendheng. Seno gage nggendring mulih karo bengok-bengok. "Sawahku ora didol!" ❑-d

(Kahyangan, Nopember 2023)

Geguritan

Djoko Sulaksono

KALI GEDHE

Kali gedhe mili ing desaku
Punjere seka ndhuwur kana
Sing aku durung bisa mrana
Karana dudu sapa-sapa

Kali gedhe mili ing desaku
Jare seka ndhuwur banyune gedhe
Banyune kena kanggo ngumbahi lan irigasi
Pranyata ora bisa menawa saiki

Kali gedhe kang mili ing desaku
Kang seka ndhuwur gedhe iline
Tekan ndesaku cilik dadine
Amarga akeh kedhung-kedhung kang dilewati
Akeh jlegongan-jlegongan kang kudu diampiri

ATI

Wis daktata sakabehing sepi-sepi
Kang sesuwene iki ngeboti ati
Ora ndadak kudu ngenteni tekaning wengi
Amarga sepi ora tau takon wanci

Sakabehing sanggan kang ngrubeda ati
Sakabehing panandang kang ngrenggani ati
Dakkipatake kanthi setiti lan kebak pangati-ati
supaya mendhunge sumilak ora mblerengi

mendhung angendanu sajroning ati
sumingkira aja ngribeti
supaya enggal nyawiji antarane ati lan pakarti
lakune entheng ora ana kang ngebot-eboti